



KEMENTERIAN AGAMA
KABUPATEN TASIKMALAYA
MTs SATU ATAP AL-MUSYRIFAH



Status : Terakreditasi A, Nomor : 02.00/128/BAN-SM/IX/2018
Nomor Pokok Sekolah Nasional : 20278468, Nomor Statistik Madrasah :121232060154
Alamat : Jl. Raya CipatujahKp. Muara Ds. BantarkalongKec. CipatujahKab. Tasikmalaya 46189

LEMBAR SOAL DAN JAWABAN
PENILAIAN AKHIR SEMESTER GANJIL TAHUN PELAJARAN 2022/2023

Mata Pelajaran : Bahasa Sunda
Kelas/Semester : IX/GANJIL
Hari dan Tanggal : Sabtu, 10 Desember 2022
Waktu : 90 menit

Nama Lengkap :

Kelas :

No. Peserta :

A. Pilihan Ganda

- Sedih kingkin, kitu nu kaalaman ku dulur-dulur urang di Donggala jeung Palu, Sulawesi. Najan anggang, da puguh tunggal sadulur sasama umat manusa mahluk Pangéran, kajadian lini jeung tsunami kawas kitu téh, jadi katunggaraan urang saréréa.*
Tanggapan nu cocog kana eusi biantara di luhur, nya éta
A. Sadar yén urang mahluk Pangéran bakal meunang cobaan hirup
B. Kawajiban urang sasama umat Pangeran, kudu silih geuing silih bantu
C. Milu prihatin ngarasakeun éta kajadian tur milu ngabantuan sakamampuna
D. Lini jeung tsunami salah sahiji sumber katunggaraan umat manusa
- Musibah demi musibah, bagian tina runtuyan kahirupan manusa. Dina "kateuwalakayaan", tarékah mah teu meunang kateug. Mémang, lini jeung tsunami teu bisa disinglar, tapi tatahar sangkan mamalana bisa dikurangan, masih bisa ditarékahan.*
Amanat nu rék ditepikeun dina biantara di luhur nya éta
A. Kawajiban manusa mah usaha jeung ngado'a tur intropéksi kana sabab musabab datangna musibah
B. Musibah mangrupa cobaan ka manusia sangkan manusa bisa ngungkulanana
C. Manusa kabeungkeut ku takdir nu sarua nya éta disanghareupkeun kana rupa-rupa musibah
D. Badan Nasional Penanggulangan Bencana (BNPB) pancénna ngaantisipasi jeung ngungkulan bencana
- Pilihan législatif (pileg) jeung pilihan présidén mah kagiatan ilahar di nagara démokrasi. Cara kitu téh, jalan suksési kapamingpinan nu ditangtayungan ku undang-undang. Kulantaran kitu, sawadina, milih présidén*

atawa législatif téh lumangsung aman tur daméy.

Kacindekan pedaran biantara di luhur nya éta

- Kasangtukung pemilu daméy
 - Pemilu jadi cicién nagara démokrasi
 - Kagiatan pemilu ditangtayungan ku undang-undang
 - Pilihan législatif ngaliwatan jalur pemilu
- Pendidikan téh kudu jadi cukang lantaran manusa leuwih hadé. Tangtu deuih nyegah kalakuan nu teu hadé. Lian ti kitu hasil atikan ogé kudu natrat mangpaatna, ulah ngan saukur nyaho bari saterusna leungit deui.*
Jejer pedaran biantara di luhur, ngeunaan
A. Tujuan jeung mangpaat pendidikan
B. Harepan dunya pendidikan
C. Kasangtukung pendidikan
D. Pendidikan jeung atikan
 - Unjuk hatur nuhun, wiréh sim kuring sadayana kebek ku karumaosan tina kawit boloho taya kanyaho, ayeuna parantos teu bodo-balilu teuing. Ieu téh teu aya sanés, anging ku panungtun sareng pangatik pangersa Bapa miwah Ibu sadaya. Dina leresan ieu, kanggo sim kuring estu beurat nyuhun beurat nanggung beurat narimakéunana.*
Biantara di luhur cocogna dina acara ...
A. Miéling hari kamerdékaan RI
B. Rajaban
C. Paturay tineung kelas 9
D. Milangkala sakola
 - Literasi téh lain ngan saukur ngeunaan buku, tapi ogé kamampuh pikeun ngaksés jeung ngomunikasikeun informasi, sarta kaaksaraan. Pikeun nyumponan éta kamampuh, kampanye ngeunaan literasi misti digedurkeun terus-terusan.*
Nurutkeun sipatna, jenis biantara kasebut kaasup kana
A. Ngarojong
B. Méré nyaho

- C. Ngayakinkeun
D. Ngahibur
3. (1) *Hayu urang paheuyek-heuyek leungeun, sauyunan, ka cai jadi saleuwi ka darat jadi salebak, pikeun ngamumulé jeung ngaronjatkeun seni Sunda.*
(2) *Sanajan kitu, sim kuring umajak ka para nonoman, urang téh ulah cicingeun, sing caringcing pageuh kancing, saringset pageuh iket, saged pikeun ngajaga panarajang deungeun nu rék nyoba-nyoba ngaruksak seni Sunda.*
(3) *Sim kuring boga kayakinan yén salila urang Sunda aya, seni Sunda moal rék leungit.*
(4) *malah mandar seni Sunda hirup kalayan hurip dina kahirupan Sunda.*
Sangkan teks biantara ngaruntuy, susunanana nya eta
A. 1,2,3,4
B. 1,2,4,3
C. 2,3,4,1
D. 3,1,4,2
8. *Aya kaasih haturan ka nu seja paanggang, bungkusan alakadarna kanggo pameungkeut kadeudeuh. Nanging mugi janten uninga, ngahaja bungkusan dibuni-buni sanés inggis katiisan, nanging inggis kauji eusina ma'lum eusi sisip ku pangaji. Ku kituna nu badé nampi mugi henteu ningali kana eusi nanging nguninga kana maksud anu diseja.*
Inti tina ungkara biantara di luhur, nya éta
A. Ngébréhkeun yén aya kado kenang-kenang keur pihak anu rék ninggalkeun sakola
B. Bungkusan nu katarima poma ulah ditempo tina wujud barangna tapi tina ajén maksudna
C. Tatarucingan ngeunaan eusi kado nu dibungkus dibuni-buni
D. Sakabéh nu rék ninggalkeun sakola kudu dibéré kado
9. **Kadua,** *Sim kuring sadaya neda dihapunten ka Bapa-ibu sadaya. Neda dihapunten ti luhur satungtung rambut ti handap sahibas dampal, wiréh sim kuring sadaya rumaos jadi manusa, moal luput tina kalepatan. Kalepatan sim kuring sadaya, boh nu karaos boh nu teu karaos, neda dihapunten ku galih nu wéning, ku manah-manah nu sétra.*
Amanat nu rek ditepikeun dina cuplikan biantara di luhur nya éta
A. Nurutkeun palaku biantara, bapa/ibu guru ngahampura kana kasalahanana
B. Palaku nyebutkeun yén salaku manusa pasti loba dosa, ku kituna kudu silih lubarkeun
C. Palaku ménta hampura ka bapa/ibu guru lantaran loba dosa
D. Palaku biantara ngélingan yén sakumna manusa boga kasalahan
10. 1. *Nangtukeun maksud jeung tujuan*
2. *Nyusun biantara*
3. *Ngumpulkeun bahan*
4. *Nangtukeun jejer biantara*
5. *Ngalaksanakeun biantara*
Kaidah-kaidah persiapan lamun urang rék ngalaksanakeun biantara, nya éta
A. 1,2,3,4,5
B. 2,1,4,3,5
C. 3,1,4,2,5
D. 4,1,3,2,5
11. Dina brengna biantara, nu nyarita mawa catetan-catetan penting nu baris ditepikeun. Dina brengna biantara, manéhna ngabahas unggal materi nu geus dicatet téa. Cara biantara nu kieu disebut
A. Impromptu
B. Talaran
C. Maca naskah
D. Naskah
12. 1) *Ngahindarkeun sikep atawa gerak nu kaleuleuwihi*
2) *Ulah ngasupkeun leungeun kana saku calana/rok*
3) *Lafal jeung intonasi nu hadé*
4) *Ulah loyo,leuleus, moyongkod*
Nu kaasup unsur wiraga nu kudu ditalingakeun dina biantara, nya éta
A. 1-2-3
B. 1-2-4
C. 1-3-4
D. 2-3-4
13. 1) *Puji syukur ka hadlirat Alloh SWT;*
2) *Sholawat salam ka Nabiyalloh Muhammad SAW;*
3) *Ngucapkeun hatur nuhun ka pihak-pihak nu tangtu;*
4) *Maksud nepikeun biantara.*
Hal nu dipedar di luhur kaasup kana bagéan
A. Bubuka biantara
B. Pangrandeg biantara
C. Eusi biantara
D. Panutup biantara
14. 1) *ngandung tujuan nu jéntré;*
2) *materi biantara saluyu jeung kondisi pamilon;*
3) *eusi biantara hal nu bener;*
4) *matéri biantara hal atikan*
Ciri biantara nu hadé
A. 1-2-3
B. 1-2-4
C. 1-3-4
D. 2-3-4

15. *Ngahaturkeun nuhun ka pangatur waktos, nu parantos masihan waktos, ka pribados, kanggo cumarios.*

Basa dina biantara saperti nu di luhur direumbeuy ku purwakanti. Ungkara biantara di luhur kaasup kana jenis purwakanti

- A. Maduswara
- B. Cakraswara
- C. Pangluyu
- D. Laraspurwa

16. 1. Sistematis

2. Ngawincik

3. Diksi (pilihan kecap)

4. Bubuka, eusi, panutup

Kaidah-kaidah dina medar teks deskripsi Kampung Adat ngawengku

- A. 1,2,3
- B. 1,2,4
- C. 1,3,4
- D. 1,2,3,4

17. *Nurutkeun kapercayaan masarakat Kampung Naga, ku cara ngajalankeun adat-istiadat warisan karuhun hartina ngahormat ka para karuhunna. Sagala hal nu datangna lain tina ajaran karuhun Kampung Naga, atawa sagala rupa anu henteu dipigawé ku para karuhunna, dianggap pamali. Lamun seug ieu hal téh dilaksanakeun, hartina manéhna geus ngalanggar adat sarta henteu ngajénan tur ngahormat ka para karuhunna, ieu hal téh pasti bakal aya kajadian nu teu dipiharep. Akibat ngalanggar téa.*

Informasi tina wacana Kampung Adat di luhur ngébréhkeun

- A. Loba masarakat Kampung Naga nu ngalanggar adat, ka luar di éta kampung.
- B. Ngahormat tur ngalaksanakeun warisan adat karuhun hartina ngajénan ka para luluhur jeung ngalaksanakeun naon-naon nu geus dilaksanakeun ku karuhun, lamun dilanggar bakal aya mamalana.
- C. Lamun hayang jadi bagian tina masarakat Kampung Naga, hartina kudu aya garis katurunan ti luluhur Kampung Naga.
- D. Ieu adat téh kacida beuratna keur masarakat luar kampung Naga mah, ngan keur urang Kampung Naga soragan geus jadi kabiasaan sapopoé.

18. Tanggapan urang kana adat istiadat kampung Naga, saupama urang ngajugjug ka Kampung Naga, nya éta

- A. Keun baé teu patuh ogé kana aturan Kampung Naga, lantaran urang mah lain penduduk kampung Naga.
- B. Ngajénan kana adat istiadat urang Kampung Naga, kucara henteu ngarempag kana aturan masarakat Kampung Naga.

C. Ngaganti aturan masarakat Kampung Naga sangkan saluyu jeung aturan kampung-kampung liana.

D. Ngalaksanakeun kawajiban adat saperti masarakat Kampung Naga sok sanajan urang lain pendudukan kampung Naga.

19. 1) *Wangun imah di Kampung Naga kudu imah panggung.*

2) *Bahan imahna tina awi jeung kai.*

3) *Suhunan imah kudu tina injuk, daun kiray atawa eurih.*

4) *Balagbag imah kudu tina papan kai atawa awi (palupuh).*

5) *Sakabéh imah kudu nyanghareup ka wétan atawa ka kulon kalawan posisi panjang*

6) *Bilikna anyaman awi atawa sasag.*

7) *Imah dicét, dikapur atawa diméni.*

8) *Bahan imah ngagunakeun témbok, lamun mampuh pikeun nyieun imah témbok atawa imah gedong.*

Aturan adat dina nyieun imah di Kampung Naga diébréhkeun dina nomer

- A. 1-2-3-4-5
- B. 1-2-3-4-8
- C. 1-2-3-4-6
- D. 1-4-5-6-8

20. Tujuan upacara adat hajat sasih di Kampung Naga nya éta

A. Wujud sukur an ka Gusti Alloh kana sagala ni'mat nu geus dianugrahkeun ka sakabéh warga Kampung Naga jeung pikeun ngareuah-reuah tur ngado'akeun luluhur Kampung Naga, nya éta *Eyang Singaparana*.

B. Wujud sukur an ka Gusti Alloh kana sagala ni'mat nu geus dianugrahkeun ka sakabéh warga Kampung Naga jeung pikeun ngareuah-reuah lantaran tas panen nu hasilna kacida nyugemakeunana.

C. Upacara kawinan warga Kampung Naga sabada panén di sawah nu hasilna mucekil

D. Upacara kawinan warga Kampung Naga jeung pikeun ngareuah-reuah tur ngado'akeun luluhur Kampung Naga, nya éta *Eyang Singaparana*

21. Ilikan gambar suhunan imahna !



Suhunan imah saperti di luhur ngaranna

- A. Jolopong
- B. Parahu kumureb

- C. Julang ngapak
 - D. Badak heuay
22. Tengetan gambardi handap ieu !



- Gambar kagiatan nu dilaksanakeun di kampung adat, di luhur disebut seni
- A. Terebangan
 - B. Beluk
 - C. Tarawangsa
 - D. Réngkong
23. "Man pangasupkeun munding kana" ceuk Bapana ka Maman.
- Istilah wawangunan pikeun kandang munding di sebut
- A. Gedogan
 - B. Karapyak
 - C. Pagupon
 - D. Paranje
24. *Leuweung Kuta kaasup leuweung weuteuh kénéh. Teu karanjah. Éta leuweung larangan téh legana 40 héktar. Nepi ka ayeuna, boh padumuk kampung boh ti luar kampung, tara aya nu rajeun ngulampreng asup ka jero leuweung. Kajaba mun geus diidinan ku kuncén mah.*
- Jejer nu dipedar dina wacana di luhur nya éta
- A. Teu meunang ngaranjah leuweung
 - B. Legana leuweung 40 héktar
 - C. Asup leuweung kudu idin kuncén
 - D. Leuweung larangan
25. Di Kampung Kuta mah upacara sanggeus panén téh disebut hajat bumi. Kasenian anu sok dipentaskan nya éta gondang atawa réngkong. Carana méh sarua jeung adat kampung adat séjénna, ti mimiti hélaran nepi ka ngunggahkeun kana leuit.
- Jejer nu dipedar dina wacana di luhur nya éta
- A. Kasenian
 - B. Upacara hajat bumi
 - C. Hélaran ngunggahkeun paré
 - D. Kagiatan satutas panén
26. Kecap novel asalna tina basa latin, *novus* anu hartina anyar. Ieu kecap robah jadi *novellus*, terus robah deui jadi *novel*. Pangna dihartikeun **anyar** lantaran ...
- A. Wangun novel béh dieu lahirna lamun dibandingkeun jeung roman.
 - B. Wangun novel leuwih anyar lahirna tibatan dongeng.

- C. Wangun novel béh dieu lamun dibandingkeun jeung sajak.
 - D. Wangun novel leuwih anyar lahirna tibatan fiksimini
27. 1) Carita anu sifatna panjang dina wangun lancar.
- 2) Jalan caritana loba bagian-bagianana, kitu deui palakuna bisa disebut loba.
- 3) Mangsa anu kacaturna ogé lila.
- 4) Kajadian nu sifatna pamohalan boh dina palaku, jalan carita, tempat, jeung waktu kajadian.
- Nu kaasup kana ciri-ciri kaya sastra wangun novel nya éta
- A. 1-2-3-4
 - B. 1-3-4
 - C. 1-2-3
 - D. 2-3-4
28. Novel nu pangheulana medal dina sastra Sunda nya éta
- A. *Hutang Nyeri Bayar Nyeri* karangan Yuhana
 - B. *Nyalindung ka Gelung* karangan S.H. Kartapraja
 - C. *Bengkung Bekas Nyalahan* karangan OS. Barma jeung M. Ali Kartawinata
 - D. *Baruang Ka Nu Ngarora* karangan D.K. Ardiwinata
29. 1) *Budak Teuneung* karangan Samsudi
- 2) *Budak Tawekal*. Karangan Akub Sumarna
- 3) *Guha Karang Legok Pari* karangan Hidayat Soesanto
- 4) *Gogoda ka Nu Ngarora* karangan M.A. Salmun
- Novel nu diancokeun pikeun bacaeun jalam dewasa (novel dewasa) nya éta
- A. 1
 - B. 2
 - C. 3
 - D. 4
30. *Kira-kira wanci janari leutik, kadéngé sora Si Kalong babaung. Puguh wé lembur téh asa beuki keueung. Keur mah poék bulan, katambah aya anjing babaung.*
- Ungkara di luhur ngébréhkeun
- A. Alur
 - B. Palaku
 - C. Latar
 - D. Amanat
31. *Teu kanyahoan, séak ... jebréd! Si Beureum Kuning ngabintih. Jeplak, keuna pisan kana mata si bangsat anu beulah kénca. Na atuh, kowowong téh bangsat kokowowongan! leungeunna nutupan mata kénkana.*
- Palaku utama dina cuplikan novel di luhur, nya éta
- A. Hayam
 - B. Bangsat
 - C. Bendéra

- D. Ronda
32. *Sandi jeung Bi Neulis norojol. Rét ka Si Beureum Kuning. Gancang ditéwak. Teu sirikna diciuman hayam jago téh.*
"Mah, Si Beureum Kuning salamet!" ceuk Sandi bari nanangkeup hayam.
 Latar suasana nu katangkep dina cuplikan novel di luhur, nya éta ngébréhkeun rasa
 A. Kasedih
 B. Kareuwas
 C. Kawaas
 D. Kabungah
33. *Anu asalna langganan koran ngan wewelasan ayeuna mah nambahan, aya puluhna. Sarta, sajabana ti nganteurkeun ka gedongan anu husus, sok ngahajakeun digagantungkeun di jongkona. Teu burung béak ku nu mareuli, ogé sok ngahajakeun deuih ngider dagang koran ka tempat-tempat nu rada ramé. Beuki suhud beuki wekel kana pagawéanana, bari tara poho kana solat. Leket pisan, pantes jadi picontoeun.*
 Ciri palaku utama nurutkeun cuplikan novel di luhur, nya éta
 A. Picontoeun, padagang jujur
 B. Boga jongko, leket ibadah
 C. Ngider dagang, picontoeun
 D. Tukang koran, rajin, leket ibadah, picontoeun
34. Nu jadi jejer carita dina novel ***Budak Minggat*** karangan Samsudi, nya éta
 A. Carita budak nu babalik pikir kana jalan bener, soleh, parigel, rajin, nu ahirna bakal manggih kabagjaan
 B. Carita budak jujur, gawé soso-soso, daek tutulung, jeung bakti ka indung, nu ahirna bakal manggih kabagjaan
 C. Carita budak jujur, gawé soso-soso jeung teu putus asa dina néangan kulawargana nu ahirna manggih kabagjaan
 D. Carita budak teuneung jeung jujur nu ahirna tinemu jeung kabagjaan
35. Téma carita dina novel ***Surat Wasiat*** karangan Samsudi, nya éta
 A. Agama
 B. Atikan
 C. Sosial/kulawarga
 D. Pakasaban
36. Latar suasana dina novel ***Surat Wasiat*** karangan Samsudi, nya éta
 A. Prihatin, harénghéng (mangsa ngalalana) pikagumbiraeun (ahir carita)
 B. Bahagia (mangsa ngalalana) pikasediheun (ahir carita)
 C. Hégar (mangsa ngalalana) pikagumbiraeun (ahir carita)
 D. Prihatin (mangsa ngalalana) harénghéng (ahir carita)
37. *Sora kohkol jeung bedug nu ditakol ti palebah tajug kadéngé ampir ka unggal imah di sakuliah lembur. Balébat ti beulah wétan, mimiti bray-brayan. Sora hayam jago nu kikiplik, raong kongkorongok, raéng patémbalan méh di unggal juru lembur, ditéma ku sora manuk saéran anu bacéo di puncak tatangkalan, nya kitu deui haleuangna sora ki santri nu adan ombak-ombakan kasilir kaangin-angin, ngageuingkeun padumukna.*
 Latar nu diébréhkeun dina cuplikan di luhur ngagambarkeun
 A. Kaayaan waktu Subuh di hiji lembur
 B. Kaayaan hayam jago jeung manuk saeran nu patembalan
 C. Mangsa balebat di basisir
 D. Padumuk urang lembur mangsa rek reureuh
38. *Abas nu sapeupeuting guling gasahan teu daék reup saré, ngoréjat hudang. Tuluy muru pancuran, nuturkeun Abahna. Brus mandi kokosok. Sabada mandi, bus ka ka jero langgar leutik, rék solat. Tamat nepi ka wiridan jeung ngado'a.*
 Karakter palaku utama dina novel di luhur nuduhkeun yén Abas
 A. Keur nyanghareupan masalah
 B. Hésé saré
 C. Berséka
 D. Tara tinggal solat berjamaah
39. *Dina hiji poé, Si Warji nulungan Asép Onon, budakna lurah, anu tigebrus kana sumur saat. Ya ti harita, Si Warji jadi sobat dalit Asép Onon anu saméméhna mikeuheul ka Si Warji. Ku kabageuranana Asép Onon, Si Warji digawékeun jadi tukang ngangon munding. Lantaran tukang ngangon munding saméméhna maot lantaran diteunggar munding nu diheureuyan ku Si Begu jeung Si Utun nu ngasupkeun gaang kana celi munding.*
 Dumasar kana jaan caritana, alur novel di luhur kaasup kana
 A. Mundur
 B. Mérélé (maju)
 C. Simpay
 D. lempeng
40. *Hiji mangsa Si Dirun ngarasa dosa jeung hanjakal kanu jadi kolot lantaran manéhna sok ngabohongan waé kanu jadi kolot, arloji anu paméré bapana di jual jeung duitna di paké judi, ku bapana kanyahoan. Si Dirun dicarékan bébéakan. Ahirna, manéhna janji ka kolotna yén manéhna moal bangor bangor deui. Ti harita Si Dirun jadi budak bageur soléh, nurut ka kolot, tur geus jadi budak pinter*

Eusi novel di luhur nyaritakeun

- A. Palaku jadi peran protagonis
- B. Suasana nu pikagumbiraeun
- C. Babalik pikirna tokoh utama
- D. Hiji bapa nyalametkeun budakna

- c. Jéntrékeun latarna (*waktu, tempat, suasana*) teks novel di luhur!
- d. Jéntrékeun tilu amanat nu rek ditepikeun pang arang ka nu maca tina eta carita novel !

B. Uraian

- 41. Jieun conto teks bubuka biantara !
- 42. Sebutkeun opat kampung adat nu aya di tatar Sunda !
- 43. *Ilo ringkesan novel di handap ieu !*

BUDAK TEUNEUNG

Aya hiji budak yatim ngaranna téh Si Warji. Umurna kira-kira 11 taun. Manéhna cicing jeung indungna, di hiji imah leutik tur geus butut. Indung Si Warji nyaahen pisan ka Si Warji sok sanajan hirupna miskin, indungna sok mapatahan sangkan jujur, sabar, tawekal jeung kudu ngéléhan ka sasama pikeun kahadéan.

Ku lantaran Si Warji jalma miskin, ku babaturanana pada ngajauhan. Malah sok dihina, utamana ku Si Begu jeung Si Utun lantaran maranéhana mah diogo pisan ku indungna. Tapi ieu hal téh henteu nepi ka Si Warji leutik haté. Sabalikna, ku manéhna disanghareupan kalawan sabar.

Dina hiji poé, Si Warji nulungan Asép Onon, budakna lurah, anu tigebrus kana sumur saat. Ya ti harita, Si Warji jadi sobat dalit Asép Onon anu saméméhna mikeuheul ka Si Warji. Ku kabageuranana Asép Onon, Si Warji digawékeun jadi tukang ngangon munding. Lantaran tukang ngangon munding saméméhna maot lantaran diteunggar munding nu diheureuyan ku Si Begu jeung Si Utun nu ngasupkeun gaang kana celi munding.

Kulawarga Pa Lurah kacida nyaahenana ka Si Warji. Selang-selang tina ngangon munding, ku Asép Onon sok dipapatahan maca jeung nulis. Lila-lila mah Si Warji téh jadi pinter maca jeung nulis kawas ilaharna barudak sakola.

Sanggeus mangtaun-taun Si Warji ngadunungan ka Pa Lurah, sarta nembongkeun kalakuan nu hadé tur bageur, ku Pa Lurah dijenengkeun jadi juru tulis désa. Sabalikna, Si Utun jeung Si Begu lantaran ti leuleutikna bangor tur telenges, geus gedéna jadi bangsat gerot. Malah dina hiji mangsa mah, Si Utun jeung Si Begu maling munding Pa Lurah. Tapi ku kawanina Si Warji éta dua bangsat téh bisa kacangkalak, sarta disérénkeun ka nu wajib. Ku sabab loba jasa-jasana dina ngalaksanakeun pancén di désana, Pa Lurah meresén hadiah ka Si Warji. Ku Si Warji éta hadiah téh dibikeun ka indungna.

Samsudi. 1982. *Budak Teuneung*. Bandung : Sari Buana.

- a. Jéntrékeun palaku protagonis jeung antagonis tina teks di luhur !
- b. Jéntrékeun karakter palaku utamana !

